

State Road (SR) 5/US 1/North Roosevelt Boulevard soti nan nò Eisenhower Drive rive sou SR A1A/South Roosevelt Boulevard

No. Idantifikasyon pwojè a: 446011-1-52-01

FDOT KONPAS

FDOT pran angajman pou li asire enfrastrikti Eta a sèvi rezidan, biznis, ak vizitè pou reponn a bezwen yo genyen nan kesyon transpò kounye a epi pi devan. Men kèk nan pwent kle yo: pwoteksyon moun, rezistans, chèn apwovizyonman, teknoloji, epi devlopman mendèv. Men avantaj pwojè sa a:

KOMINOTE YO

- Amelyore pankad yo

SEKIRITE

- Enstale detektè pou avèti moun epi mete limyè trafik yo ajou
- Amelyore ekleraj la
- Rebati twotwa a ak ranp yo
- Amelyore barikad an fè ki bò lari yo sou bò nò (kote pou antre) sou pon Salt Run Channel Bridge
- Chanje epi amelyore barikad an fè ki deja arebò pon an

REZILYANS

- Repare epi reyasfalte wout la
- Repentire liy atè nan lari yo

DEVLOPMAN MENDÈV

- Y ap pran kontraktè lokal pou fè travay yo pou pote kèk avantaj ekonomik pozitif pou kominote a

ENFÒMASYON SOU FÈMEN LIY

Y ap fè travay yo etap pa etap pou konstriksyon an pa twò deranje moun nan zòn nan. Yo kab fèmen wout yo nan lè sa yo lè pa gen anpil trafik:

· 8:30 p.m. pou 6:30 a.m., dimanch rive jedi

Pandan konstriksyon an lè w pre rive sou North Roosevelt Boulevard depi nan Overseas Highway, y ap fè machin pase sou Flagler Avenue. Y ap fè moun pase nan lòt wout nan lè ki pa lè trafik sèlman. Y ap mete afich anplas pou moun pase nan lòt wout lè yo pral nan direksyon sid pou antre sou Flagler Avenue ak Kennedy Drive nan moman sa a.

Chak semenn y ap afiche wout y ap fèmen sou sitwèb biwo transpò a, www.southflroads.com.



MEN SA NOU DWE ATANN

Y ap fè travay yo etap pa etap pou travay yo pa twò deranje moun nan zòn nan. Liy trafik y ap fèmen tanporèman yo kab gen efè sou sikilasyon an nan lè ki pa gen anpil trafik. Y ap afiche byen klè tout lòt wout pou machin pase. Y ap kite wout pou moun antre soti ni nan biznis ni nan kay prive ki sou bò wout y ap.

ORÈ

Septanm 2025 - ete 2026

PRI KONSTRUKSYON AN

\$6.95 milyon dola

ZÒN PWOJÈ

City of Key West
Monroe County

Avi: Sa posib yo kab chanje dat yo.

TOUJOU KONSIDERE PWOTEKSYON MOUN AN PREMÈ

Pou pwoteksyon w ak pwoteksyon lòt moun, tanpri pran prekosyon lè w ap kondui machin, lè w ap mache oswa lè w ap pase sou bekàn oswa sou motosiklèt nan zòn konstriksyon yo.

Pou dènye nouvèl sou sikilasyon an, al sou: www.fl511.com.

KONTAKTE

FDOT Konsilan Espesyalis Sensibilisation Kominotè
Julie Brown | Julie.Brown@dot.state.fl.us | 305.927.1479

SWIV NOU



SOUTHFLROADS.COM

Eskane kòd QR la pou mizajou pwojè

MIZAJOU: Out 2025

